

# Byenveni O Kanada

 LEKÒL PRIMÈ AK SEGONDÈ  
O KANADA



O Kanada, paran ak responsab timoun yo dwe asire yo ke timoun yo al lekòl.

## TIP LEKÒL KI GENYEN

Chak pwovens ak teritwa Kanadyen gen pwòp sistèm edikasyon pa li. Lekòl yo rele Lekòl piblik, e yo gratis (se ak taks moun yo ke yo finanse lekòl yo).

Nan plizyè zòn, nou ka jwenn Lekòl piblik yo an anglè ou an fransè.

Genyen lekòl prive tou ki pa jwenn finansman nan men gouvènman an. W ap peye yon frè pou w voye timoun yo nan lekòl prive.

## ANE ESKOLÈ A

Ane eskolè a kòmanse nan fen Out oubyen nan komansman septanm, epi li fini nan mwa Jwen. Gen plizyè konje pandan ane a. Timoun yo al lekòl soti Lendi pou rive Vandredi. Lekòl yo fèmen lè gen jou ferye.

Kontake lekòl nan zòn ou an oubyen pale ak ministè ledikasyon nan pwovens ou ye a pou w ka rive enskri timoun ou an nan lekòl. W ap jwenn yon lis ministè ledikasyon nan pwovens yo nan [Le Conseil des ministres de l'Éducation \(Canada\) \(cmec.ca\)](http://Le Conseil des ministres de l'Éducation (Canada) (cmec.ca).).

## KOMAN POU W RIVE ENSKRI YON TIMOUN NAN LEKÒL

Pou w enskri yon timoun lekòl, w ap gen pou ou montre dokiman ki montre :

- laj timoun nan (tankou batistè li oubyen paspò)
- ke se ou ki responsab li
- kote ou abite (adrès kay la)
- ke timoun nan te pran tout vaksen li (kanè oubyen dosye vaksen)

## SOUTYEN POU W KA RIVE TABLI O KANADA

Anpil lekòl gen anplwaye ki la pou ede timoun yo, jèn ak paran ki fenk vini pou yo ka rive etabli O Kanada. Mande lekòl la sil gen anplwaye sa yo.



## LEKÒL LAKAY

Gen kèk paran ki chwazi pou fè lekòl pou timoun yo pito. Sa rele lekòl lakay ou lekòl alamezon. Si w chwazi fè lekòl pou pitit ou pito, ou ta dwe kontakte ministè edikasyon nan pwovens ou teritwa kote w ye a. Ou ka kontakte tou òganizasyon k ap ede w etabli a pou plis enfòmasyon.



## LANG FÒMASYON AN – LEKÒL AN ANGLE OUBYEN AN FRANSE

Ou ka jwenn lekòl an anglè oubyen an fransè nan plizyè kominote nan peyi a. Ki gen kèk lekòl an anglè ki ofri pwogram imèsyon an fransè tou. Sa vle di ke yo fè klas pou timoun ou an an fransè pandan pifò jounen lekòl la.

Pou plis enfòmasyon sou lekòl yo O Kanada ki bay kou an franse, vizite [Elf Canada \(elf-canada.ca\)](http://Elf Canada (elf-canada.ca))

## OU KAPAB PATISIPE NAN FÒMASYON TIMOUN NAN. KONSA OU KAPAB :

- bay tèt ou kòm volontè nan lekòl timoun ou an
- rankontre pwofesè timoun ou an nan rankont paran-pwofesè yo
- vin yon manb nan konsèy lekòl la (ki ede nan fonksyonman lekòl la)
- mande lekòl la, oubyen pwofesè timoun ou an plis enfòmasyon sou fason ou kapab patisipe.

## LÒT BAGAY KI ENPÒTAN POU OU KONNEN

**Lekòl primè** : Se 8 premye ane lekòl la. Le pli souvan li kòmanse ak kindègaden nan laj 4 oubyen 5 an.

**Lekòl segondè** : Le pli souvan se 9 pou rive 12e ane nan pifò pwovens ak teritwa yo, eksepte nan Kebèk kote li kòmanse nan 7e pou l vini nan 11e ane.

**Klas miks ou melanje**: Nan pifò lekòl, tifi ak tigason aprann ansanm nan menm klas la. Gen lekòl prive ki fè lekòl pou tigason oubyen pou tifi sèlman.

**Relijyon**: Kèk pwovens ak teritwa gen lekòliblik katolik separe. Kèk kominote genyen tou lekòl reliye prive.



**Lòt aktivite nan lekòl yo** : O Kanada, timoun yo ka patisipe nan lòt aktivite nan lekòl la oubyen apre lekòl la. Se sa yo rele aktivite "kourikoulòm ekstra". Pou sa, yo gendwa patisipe nan espò, nan klèb, nan teyat, nan pwogram mizik ak atis; genyen vwayaj ke lekòl la konn òganize tou ansanm ak evenman espesyal.

Pa egzanp, gen anpil lekòl ki òganize Jounen mayo oranj nan dat 30 septanm. Patisipan yo pote mayo oranj pou yo selebre enpak lekòl rezidansyèl yo te genyen sou timoun endijèn yo e kòman sa ap kontinye afekte kominote endijèn yo nan Kanada jiska prezan.

## POU PLIS ENFÒMASYON



Pou plis enfòmasyon sou sistèm lekòl la, ansanm ak yon vidyeo ke w ka gade, vizite [Renseignez-vous sur l'éducation au Canada - Canada.ca](http://Renseignez-vous sur l'éducation au Canada - Canada.ca).



Pou jwenn yon sant etablisman nan zòn ou an pou moun ki fenk rive, vizite [Nouveaux arrivants : Trouvez des services gratuits près de chez vous \(cic.gc.ca\)](http://Nouveaux arrivants : Trouvez des services gratuits près de chez vous (cic.gc.ca)).

